

Maladi Grip la:

Kisa W Ka Fè

Yon Lis Materyèl

Kenbe materyèl sa yo lakay ou. Yo itil lè w ap swanye yon moun ki gen grip la. Ou ka jwenn anpil nan materyèl sa yo nan makèt, nan boutik oubyen nan famasi.

- ☐ Savon pou lave men
 - Pwodwi pou netwaye men w ki fèt avèk alkòl (tankou Purell® oubyen youn nan sa ki gen non magazen ki fè l la sou li a)
- ☐ Medikaman yo
 - Acetaminophen (tankou Tylenol® oubyen kalite ki gen non magazen ki fè l la sou li a) oubyen ibuprofen (tankou Advil®, Motrin®, oubyen kalite ki gen non magazen ki fè l la sou li a)
 - Aspirin (tankou Bayer® oubyen kalite ki gen non magazen ki fè l la sou li a) pou moun ki gen 19 an daj oubyen pi plis
 - Medikaman pou tous ak rim (pou timoun ki nan laj 6 an oubyen pi plis ak pou granmoun)
 - Sirèt pou souse pou mal gòj
 - Yon kiyè pou mezire medikaman oubyen yon konngout pou rann li pi fasil pou bay kantite medikaman likid ou dwe bay la, espesyalman pou timoun. Ou pa ta dwe itilize kiyè òdinè paske yo pa mezire byen.

!Tcheke dat ekspirasyon medikaman lakay ou regilyèman. Jete nenpòt medikaman ki ekspire.

- ☐ Tèmomèt pou tcheke tanperati kò
 - Ou ka bezwen diferan kalite tèmomèt tou depan de laj moun ki lakay ou.
- ☐ Likid tankou dlo, ji fwi ak ji legim, soup ak dlo bouyon, ak bwason tankou Gatorade® oubyen kalite sa ki gen non magazen ki fè l la make sou li a (pou granmoun) ak Pedialyte® oubyen kalite sa ki gen non magazen ki fè l la make sou li a (pou timoun).
- ☐ Manje ki fasil pou dijere (tankou avwann, sòs pòm ak diri)
- ☐ Dezenfektan pou netwaye kay
- ☐ Napkin pou netwaye ak bagay pou lave men
- ☐ Sache fatra pou mete anndan poubèl
- ☐ Papyè pou ekri ak plim oubyen kreyon
- ☐ Yon rezèv manje espesyal, medikaman, oubyen ekipman oumenm oubyen manb fanmi ou bezwen poutèt nenpòt maladi kwonik